

UNEN-UNEN

Asma :

Nomor :

Minggu iki bu guru ngajak bocah – bocah nyinau bab paribasan, bebasan, lan saloka, supaya padha ngerti apa lan kanggo apa gunane ana ing masyarakat Jawa.

Panjentrehe:

1. Paribasan yaiku unen-unen (ungkapan) kang gumathok, ajeg panganggone lan tegese wantah.

- Gumathok tegese wis ditemtokake tembung – tembunge
- Ajeg panganggone diucapake sapa wae padha.
- Tegese wantah utawa asli ora nganggo perumpamaan (tegese ya tembunge kuwi dhewe)

Tuladha:

1. Becik ketitik ala ketara tegese sapa sing tumindak becik utawa ala suwe – suwe bakal dingerteni won liya (ketara).
2. Adigang, adigung, lan adiguna yaiku wong sing gemedhe amarga rumongsa luwih kuwat (gang), sugih (sugih) utawa pinter (guna).
3. Criwis cawis tegese wong sing akeh omonge nanging uga pinter ngrampungake pegawean.

2. Bebasan yaiku unen-unen kan gumathok, ajeg panganggone lan migunakake pangumpaman (perumpamaan) sing digambarake tumindakke.

Ciri – cirine: Ora disebutake pelakune.

Tuladha:

1. Nguyahi segara tegese nindakake pegawean sing muspra (ora guna).
2. Ancik – ancik pucuking eri tegese nindakake pegawean sing mbebayani.
3. Ngubak – ubak banyu bening tegese gawe masalah ana ing panggonan kang aman.

3. Saloka yaiku unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, lan ngemu surasa pepindhan (isa anggo pepindhan kewan utawa barang).

Tuladha:

Kaya banyu karo lenga, tegese wong sing ora bisa rukun.

Tumbak cucukan, tegese wong sing seneng adu-adu.

Kebo kabotan sungu, tegese kabotan ragad amarga kakehan anak.

Bocah – bocah saka tuladha ing ndhuwur gatekna mesthi bakal ngerti bedane antarane paribasan, bebasan lan saloka.

TUGAS!

Coba unen- nen ngisor iki gatekna endi sing paribasan, bebasan, lan saloka! (isien nganggo huruf cilik kabeh)

1. Ana catur mungkur

2. Tulung menthung

3. Nglungguhi klasa gumelar

4. Nyolong pethek

5. Sedumuk bathuk senyari bumi

6. Mban cindhe mban siladan.

7. Idu didilat maneh.

8. Sedhakep ngawe- awe

9. Alon – alon waton kelakon

10. Nurut ilining banyu

Gathukno tembung ing sisih kiwa karo tembung ing sisih tengen supaya dadi paribasan kang gumathuk!

- | | |
|----------------------------------|----------------------------|
| 11. Rawe-rawe rantas, | a. ngrogoh rempela |
| 12. Dudu sanak dudu kadang, | b. bapa kepradhah |
| 13. Gupak pulut, | c. adiguna |
| 14. Kriwikan dadi | d. umos |
| 15. Suwe mijet | e. grojogan |
| 16. Anak polah, | f. malang-malang putung |
| 17. Bathok bolu | g. ora mangan nangkane |
| 18. Diwenehi ati | h. wohing ranti |
| 19. Anggenthong | i. yen ilang melu kelangan |
| 20. Adigang, adigung, | j. isi madu |

